

**NGUNDHAKAKE KAWASISAN MACA GEGURITAN
KANTHI METODHE PEMODHELAN TUMRAP
SISWA KLAS VII SMPN 1 NGRONGGOT
TAUN AJARAN 2015/2016**

S. Yuni Puspitosari, Dr.Surana, S. S. M. Hum.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Kawasisan para siswa ing babagan pasinaon basa jawa mligine geguritan (Ind. Puisi) ora padha. Bab-bab kaya ngono iku mau dumadi amarga tata carane olehe ngapresiasi geguritan kang beda-beda, polatan olehe maca, carane medharake isine geguritan kang beda-beda, banter lirihe suara, intonasine lan artikulasine (pocapane). Underane panliten iki yaiku 1) Kepriye carane guru njelasake? 2) Kepriye tangkepe siswa? 3) Kepriye undhak-undhakane kawasisan maca geguritan tumrap para siswa klas VII I SMP Negeri 1 Ngronggot, sawise migunakake metodhe pemodhelan? Panliten iki nduweni ancas kanggo ngundhakake kawasisan siswa, guru, lan kreativitas maca ing babagan pasinaon maca geguritan tumrap siswa SMP Negeri 1 Ngronggot kanthi nggunakake metodhe pemodhelan.

Panliten iki dirancang dadi rong siklus yaiku siklus I lan siklus II kang kadadean saka rancangan, palaksanaan, observasi, refleksi. Langkah-langkah kang ditindakake ing siklus I lan siklus II sejatine padha, panliten ing siklus II minangka tindak lanjut saka panliten siklus I kang nduweni ancas kanggo nuntasake asile pasinaon.

Asil saka panliten iki nuduhake yen pasinaon ditindakake kanthi metodhe pemodhelan bisa ngundhakake kawasisan maca geguritan tumrap siswa klas VII SMP Negeri 1 Ngronggot. Asile tes para siswa ing panliten siklus I yaiku skor siswa rata-rata 76%, siswa kang durung tuntas ana 11 lan sing wis tuntas ana 21 siswa (jumlah siswa kang tuntas 66%). Persentase *aktivitas* guru sajrone panliten ing siklus I mung antuk 62.5%, dene persentase *aktivitas* siswa ing siklus I antuk 55%. Asile panliten siklus I isih durung tuntas, amarga KKM ing SMP Negeri 1 Ngronggot minimal 75%.

Asil tes para siswa ing panliten siklus II skor siswa rata-rata 80%, siswa kang durung tuntas ana 7 lan sing wis tuntas ana 25 siswa (jumlah siswa kang tuntas 78%). Persentase *aktivitas* guru sajrone panliten ing siklus II wis antuk 85%, dene persentase *aktivitas* siswa ing siklus IIuga mundhak dadi 82%

Tembung Wigati: Metodhe Pemodhelan, Geguritan, Kawasisan

PURWAKA

Lelandhesane Panliten

Kawasisan maca minangka salah sijine katrampilan basa kang nuntut wawasan tartamtu. Katrampilan maca diwulangake wiwit saka SD/MI nganti SMA/SMK. Siswa SD/MI nganti SMA/SMK dikarepake bisa nduweni kawasisan maca ing bentuk apa wae, kalebu kawasisan maca geguritan. Ketrampilan maca geguritan kudu bisa nguasai ritme, pocapan, intonasi, lan ekspresi/polatan mimik.

Kawasisan para siswa ing babagan pasinaon basa Jawa mligine geguritan (Ind. Puisi) warna-warna/ora padha, ana kang wis mumpuni maca geguritan, ana sing wis apik, ana sing cukup, lan ana uga kang isih kurang apik olehe maca geguritan. Bab-bab kaya ngono iku mau dumadi amarga tata carane olehe ngapresiasi geguritan kang beda-beda, pemahaman kang beda-beda, polatan olehe maca geguritan, intonasi lan artikulasine (pocapan).

Materi geguritan iku minangka salah sijine materi kang kalebu angel, amarga sajrone maca geguritan banget mbutuhake ketlitian, konsentrasi, lan penghayatan kang mantep. Mula saka iku pasinaon ing sekolahan ideale yaiku:

- (1) Siswa diarahake supaya bisa kreatif
- (2) Pasinaon kudune luwih efektif.
- (3) Pasinaon kang nukulake kreativitas guru lan para siswa, supaya bisa luwih kreatif lan prestasi.

Underane Panliten

Dideleng saka kahanan kang dumadi ing kegiatan pasinaon maca geguritan tumrap siswa kelas VII I SMP Negeri 1 Ngronggot, Kabupaten Nganjuk, Jawa Timur bisa karumusake:

- (1) Kepriye carane guru sajrone njelasake tata cara maca geguritan kanthi metodhe pemodhelan tumrap para siswa klas VII I SMP Negeri 1 Ngronggot?

- (2) Kepriye tangkepe para siswa klas V II I SMP Negeri 1 Ngronggot, sawise migunakake metodhe pemodhelan?
- (3) Kepriye undhak-undhakane kawasisan maca geguritan tumrap para siswa klas VII I SMP Negeri 1 Ngronggot, sawise migunakake metodhe pemodhelan?

Ancase Panliten

Jumbuh karo anane underane panliten kang kasebut ing ndhuwur, mula ancasa panliten yaiku:

- (1) Ngandharake undhak-undhakane pasinaon basa Jawa mligine babagan kawasisan maca geguritan kanthi nggunakake metodhe Pemodhelan tumrap siswa klas VII I SMP Negeri 1 Ngronggot, Kab. Nganjuk.
- (2) Ngandharake undhak-undhakan kreativitas ing pasinaon maca geguritan kanthi metodhe pemodhelan tumrap guru lan siswa klas VII I SMP Negeri 1 Ngronggot, Kab. Nganjuk.
- (3) Ngandharake owah-owahan/undhak-undhakan kawasisan ing pasinaon maca geguritan kanthi metodhe pemodhelan tumrap siswa klas VII I SMP Negeri 1 Ngronggot, Kab. Nganjuk.

Paedahe Asil Panliten

Paedah kang dikarepake saka panliten iki antarane yaiku: paedahe panliten kanggo siswa, paedahe panliten kanggo guru, paedahe panliten kanggo sekolah.

Paedahe kanggo siswa:

- (1) Menahi motivasi lan semangat para siswa ing pasinaon Basa Jawa, mligine maca geguritan.
- (2) Ngundhakake kawasisan para siswa sajrone pasinaon maca geguritan.
- (3) Ngundhakake kreativitas para siswa sajrone pasinaon maca geguritan.

Paedahe kanggo guru:

- (1) Ngundhakake kreativitas guru kanggo gawe kahanan pasinaon basa Jawa kang nyenengake.
- (2) Ngundhakake profesional guru sajrone pasinaon basa Jawa mligine maca geguritan.

Paedahe kanggo sekolah yaiku:

Ngundhakake mutu/kwalitas sekolah kanggo pasinaon ing SMP Negeri 1 Ngronggot

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Kang Saemper

Panliten saperangan gedhe ngandharake manawa kurange kawigaten siswa marang pamulangan jalaran kurang greget anggane sinau, swasana pasinaon kurang nyenengake lan kurange

sarana utawa piranti (media) kanggo nyengkuyung kegiatan pasinaon. Kanggo bahan tetimbangan ing panliten iki, panliti ngupaya golek panliten kang saemper. Wondene panliten kang saemper iku antarane yaiku:

Kapisan panliten Lilik Yuliwantoro (2013) kanthi irah-irahan "Peningkatan ketrampilan membaca geguritan dengan media visual kelas VIIIA SMP Negeri 37 Purworejo tahun ajaran 2012/2013". Lilik Yuliwantoro nyimpulake ana undhak-undhakan jrone pasinaon maca geguritan siswa klas VIII A SMP Negeri 37 Purworejo sawise pasinaon ditindakake kanthi migunakake media audio visual. Ing siklus 1 mundhak 12,3 saka prasiklus, lan mundhak maneh 80,1 ing siklus 2. Undhak-undhakan iku dumadi ing sakabehe aspek pambiji maca geguritan.

Kaping loro panliten Kasmiyati (2011) kanthi irah-irahan "Peningkatan Kemampuan Berpidato melalui Penerapan Teknik Pemodelan pada Siswa Kelas IX E SMP Negeri 3 Gadingrejo Tahun Pelajaran 2010/2011". Adhedhasar analisis dhata sadurunge, miturut Kasmiyati kawasisan pidhato siswa isih kurang, yaiku kanthi asil rata-rata siswa sing tuntas mung 60% (18 siswa), lan sing durung tuntas 40% (12 siswa). Sawise ditliti ing siklus I, kawasisan pidhato siswa durung ngalami undhak-undhakan, Mula saka iku dirasa perlu banget cara kanggo ngundhakake ing siklus sateruse. Masalah kang kaya mangkono iku bisa dideleng sakakawasisan siswa nindakake pidhato. Ing siklus I, siswa sing durung tuntas 33,33% lan sing wis tuntas 66,66% bijine rata-rata kawasisan pidhato siswa 66 kanthi kategori cukup. Ing siklus II, siswa sing durung tuntas 23,33% lan sing wis tuntas 76,66%, bijine rata-rata tumrap kawasisan pidhato siswa 69,5 wis kalebu kategori cukup. Ing siklus III, siswa sing durung tuntas 13,33% lan sing wis tuntas 86,66% kawasisan pidhato siswa bijine rata-rata 76,9 kalebu kategori apik. Saka asil panliten tindakan klas bisa didudut/disimpulake yen penerapan teknik pemodhelan bisa ngundhakake kawasisan pidhato para siswa.

Panliten kang saemper sing kaping telu yaiku panliten Eka Wahyuni (2013) kanthi irah-irahan "Peningkatan Kemampuan Sesorah Informatif dengan metode Pemodelan pada Siswa Kelas VIII SMP N 1 Purwareja Klampok Kabupaten Banjarnegara Tahun Ajaran 2012/2013." Eka Wahyuni nyimpulake pangaribawa metodhe pemodhelan marang aktivitas pasinaon siswa ing prasiklus 65,3%, siklus I 72,2%, lan siklus II 86,7%; undhak-undhakan kawasisan pidhato tahap prasiklus rata-rata 62,97, siklus I 71,19, lan siklus II 81,84. Kanthi ndeleng asil saka panliten kang saemper, mula panliti uga nduweni pepinginan ngetrapake materi maca

geguritan ing SMP N 1 Ngronggot kanthi metodhe pemodhelan, ing pangajab kawasisan siswa ing babagan maca geguritan bisa ngalami undhak-undhakan.

Lelandhesane Teoritis

Katrampillan maca yaiku sawijine proses kang dilakoni sarta digawe dening para pamaos supaya antuk pesen saka warta utawa wacan kang diwaca. Maca ditindakake dening para pamaos supaya bisa mangerteni arti/makna sing kinandhut ing basa kang ditulis. Miturut Tarigan (2008 : 7), maca minangka sawijine proses kang ditindakake sarta digunakake dening pamaos kanggo nggoleki pesen kang diwenehake panulis kang awujud tembung-tembung/basa tulis. Salah sijine pasinaon maca sing diwulangake ing sekolah yaiku sinau maca geguritan (*puisi*). Ing panliten iki sinau maca geguritan migunakake metodhe pemodhelan.

Aktivitas siswa sajrone maca geguritan kanthi metodhe pemodhelan bisa nuwuhake rasa percaya marang awake dhewe. Siswa nduweni minat lan semangat, sahingga pasinaon mligine maca geguritan bisa lumaku kanthi becik, lancar, lan ora mbosenake. Aktivitas siswa kang lumaku sajrone pasinaon maca geguritan kanthi methodhe pemodhelan bisa nuwuhake interaksi guru lan siswa, siswa klawan siswa.

Syafe'I (1999:6), maca kuwi minangka kegiatan ngamati, mangerteni tembung-tembung kang katulis lan menehi makna kang ana ing tembung-tembung kasebut lelandhesan kawruh lan pengalaman sing wis ana ing awake. Hudson (sajrone Tarigan,1994) nyatakake yen maca minangka proses kang dilakoni lan digunakake para pamaos kanggo nggoleki pesen kang arep diandharake kanthi tembung-tembung utawa basa kang tinulis. Miturut Dawson, nglatih ketrampilan basa uga ateges nglatih ketrampilan mikir (jrone Tarigan, 1981:1)

Jumbuh klawan panliten iki, mula teori kang digunakake yaiku hakikat maca iku proses menehi makna marang tembung-tembung ing basa tulis kang ditujokake marang wong liyasupaya bisa mangerteni isine teks sing diwaca.

Geguritan

Puisi Jawa (Geguritan) yaiku tembang uran-uran kang awujud purwakanthi. Geguritan yaiku karangan kang pinathok kaya tembang nanging guru gatra, guru wilangan, guru lagune ora ajeg (Kamus Bahasa Jawa, 2001: 270).

Geguritan yaiku iketaning basa kang memper syair. Tembung geguritan asale saka tembung gurita kang diowahi saka tembung gerita, linggane gita ateges tembang utawa syair.

Geguritan iku uga bisa kasebut puisi bebas, kang kalebu salah sawijining asile kabudayan Jawa modern sing duwe ciri ora kaiket ing wewatonan guru gatra, guru wilangan lan guru lagu kaya dene tembang Macapat.

Nganggit (ngarang) geguritan iku bisa awujud ngandharake pengalaman pribadi utawa gegambaran kahanan sing tinemu ing masyarakat, utawa panguripane manungsa ing alam donya manut jaman kelakone. Endahing geguritan dumung ing:

- 1) Pilihane tetembungan sing mentes, trep, lan mantesi
- 2) Nggunakake wirama/lagune
- 3) Busanane basa kang maneka warna

Tegese Geguritan

Geguritan yaiku *puisi* gagrag anyar kang ora kaiket dening paugeran tartantu. Geguritan iku migunakake tembung -tembung kang endah, tembung-tembung kang pinilih kanggo ngracik geguritan supaya bisa endah lan tumata. Geguritan ora kaiket dening guru gatra, guru lagu lan guru wilangan, tembung mentes lan padhet, basane endah, ngandhut piwulang, kritik, protes, pangarep-arep lan liyane.

Miturut Subrata (2010 : 5) puisi yaiku bentuk karya sastra kang nggunakake tembung-tembung sing endah lan makna kang maneka warna. Akeh para ahli modhern kang ngandharake yen geguritan iku dudu literatur nanging minangka wujud imajinasi sing dadi sumber sakabehe kreativitas. Sak liyane iku, geguritan uga minangka ungkapan perasaan sing bisa nggawa wong liya lumebu ing kahanan kang dirasakake.

Materi Geguritan

Sinau maca geguritan kudu nggatekake materi sing arep diwaca, yaiku materi sing dipilih kanggo materi maca geguritan. Ing sajroning panliten iki, materi pasinaon maca geguritan siswa SMP Negeri 1 Ngronggot kelas

VII ana ing semester 1. Supriyadi (1992:385), nyatakake yen ana rong kriteria sing bisa digunakake sajrone milih materi puisi, yaiku:

- 1) Basa kang digunakake kudu dijumbuhake karo kemampuan siswa.
- 2) Basa lan isine kudu dijumbuhake karo tingkatan umure lan lingkungan.

Ing panliten iki, siswa kang dadi objek panliten yaiku siswa kelas VII I SMP Negeri 1 Ngronggot, Kab. Nganjuk. Basa kang dianggo para siswa yaiku basa campuran Indonesia lan jawa. Para siswa kurang *fasih* yen maca wacan kang migunakake basa jawa, kamangka basa jawa tumrap para siswa ing SMP Negeri 1 Ngronggot iku minangka basa ibu. Mula saka iku, prelu

banget yen diwenahi tuladha anggone maca geguritan kang migunakake basa jawa supaya basa lan pocapane bisa trep.

Geguritan bisa ndadekake karakter para siswa luwih apik, owah-owahan karakter siswa kang dumadi lantaran geguritan yaiku:

- 1) Para siswa luwih trampil anggone sinau maca geguritan
- 2) Nduweni kwanen ngadhepi audiens
- 3) Nduweni *penghayatan* (bisa ngresapi isine wacan kang diwaca)
- 4) Ulet lan trampil ngupaya cara supaya bisa maca geguritan kanthi *ekspresi* jumbuh karo isine geguritan.

Metodhe Pemodelan

Metodhe pemodhelan minangka pasinaon katrampilan kang migunakake modhel utawa tuladha kang bisa ditiru (Nurhadi, 2004:16). Metodhe pemodhelan nduweni ancas kanggo menehi *motivasi* marang proses pasinaon. Ing metodhe pemodhelan guru kudu bisa nyiapake modhel kang bisa ditiru dening siswa sajrone maca geguritan. Kanthi metodhe pemodhelan siswa bisa ngetrapake lan ngundhakake pamawase dhewe adhedhasar modhel kang dideleng.

Tarigan (1986:194) menehi panemu yen pemodelan yaiku cara guru nyiapake sawijine modhel sing arep didadekake modhel utawa tuladha ing proses pasinaon kang nduweni ancas kanggo muwujudake penilaian kebutuhan, pemilihan media, lan evaluasi. Kanthi anane modhel/tuladha kang nyata sing bisa ditrapake ing sawijine pasinaon ketrampilan utawa wawasan tartamtu, mula siswa *otomatis* nduweni motivasi kanggo sinau.

Supaya kasil anggone maca geguritan kanthi becik, kudu mangerteni isine geguritan sing diwaca, bisa ngrasakake surasane geguritan supaya ekspresine jumbuh karo surasane geguritan, endhek dhuwure swara (intonasi), dawa cendhake swara (ritme), pocapane kudu bener (artikulasi). Mula saka iku guru kang mulangake/ngajari materi geguritan kudu bisa menehi tuladha maca geguritan kanthi becik lan pener. Nanging kanggo nutupi kekurangan, saupama guru rumangsa kurang mampu utawa kurang percaya karo kemampuane dhewe anggone maca geguritan, guru bisa nayangake modhel kanthi nggunakake CD (Audiu Visual). Kanthi ndeleng tuladha/modhel carane maca geguritan, para siswa bisa sinau kanthi rasa seneng, sing pungkasane bisa sinau maca geguritan lan bakal bisa kaleksanan luwih becik asile.

Subjek Panliten

Subjek ing panliten iki yaiku siswa klas VII I SMP Negeri 1 Ngronggot, Kabupaten Nganjuk Tahun Ajaran 2015/2016. Klas VII ing SMP Negeri 1 Ngronggot ana sangang kelas, nanging kanggo musatake panliten, panliti nggunakake klas VII I. Jumlah siswa klas VII I ana 32 siswa, lanang ana 16 siswa lan wadon uga 16 siswa.

Papan Panliten

Papan kanggo ngayahi panliten katindakake ing SMP Negeri 1 Ngronggot, Kabupaten Nganjuk. Mligine Klas VII I. Klas iki dipilih kanggo panliten jalaran dianggep klas kang kurang wasis ing babagan pasinaon maca geguritan. Ditindakake panliten, ing pangajab pasinaon bisa ngalami undhak-undhakan ing babagan pasinaon mligine maca geguritan.

Wanci Panliten

Panliten iki ditindakake jumbuh klawan jadwal basa jawa kang wis ana ing SMP Negeri 1 Ngronggot. Panliten ditindakake suwene rong wulan, yaiku wulan Agustus nganti September 2015.

Kang dadi *kolaborator* ing panliten iki yaiku kanca saprofesi panliti yaiku guru basa jawa ing SMP Negeri 1 Ngronggot kang asmane ibu Sunartin.

Metodhe Panliten

Panliten minangka rerangkene kegiatan ilmiah kanggo ngundhakake sawijine seserepan sarta mrantasi sawijine masalah. Panliten nduweni ancas kanggo golekan katrangan lan wangsulan marang sakabehe masalah kang dumadi. Panliten nduweni rancangan tartamtu kanggo nemokake bab-bab kang bisa ngundhakake seserepan sarta mrantasi masalah kang diadhepi. Rancangan ing panliten njelasake prosedur / langkah-langkah sing dilakoni, wektu panliten, dhata kang dikumpulake, sumber dhata sarta tata carane ngolah dhata. Panliten kudu nggunakake metodhe kang apik lan pener supaya tujuan panliten bisa kaleksanan.

Miturut Sugiyono, (2003:14) jenise panliten ana loro yaiku: Panliten kuantitatif lan panliten kualitatif. Panliten kuantitatif yaiku panliten kanggo golekan dhata kanthi asil kang awujud angka. Yen panliten kwallitatif yaiku panliten kang menehi dhata panliten kanthi asil kang awujud diskripsi/dhata kang njlentrehake asile panliten nganggo tembung-tembung kanthi rinci lan runtut, skema, uga gambar-gambar jumbuh karo ancane panliten.

Metodhe lan Teknik Nglumpukake Dhata

Panliten iki migunakake panliten tindakan klas (*classroom action research*), sing disingkat PTK. PTK minangka panliten ing njero klas, mula prakara-prakara sing tliti uga prakara kang dumadi ing njero klas. PTK uga ngupayakake undhak-undhakan asile pasinaon lan mrantasi sakabehe masalah kang ana ing njero klas. (Arikunto, 2006: 58) PTK minangka panliten tindakan kang katindakake ing njero klas kanthi ancas ngundhakake mutu praktik pasinaon.

Alat sing digunakake ing panliten kanggo ngumpulake dhata supaya luwih gampang anggone nindakake pakaryan lan asile luwih apik. Tegese luwih tliti, jangkep, lan *sistematis*, sahingga gampang anggone ngolah. Ing panliten iki, panliti nggunakake instrument arupa tes unjuk kerja (*performance*) praktik maca geguritan ing ngarep klas. Dene teknik sing kanggo ngumpulake dhata ing panliten iki yaiku teknik tes lan teknik non tes.

Teknik Tes

Tes minangka kegiatan/tugas ing pungkasane proses pasinaon kang kudu ditindakake dening para siswa kanggo ngukur sepira kawasisan/kabisaan para siswa jumbuh karo tujuane pasinaon. Kanggo mangerteni asile panliten iki ditindakake tes/evaluasi maca geguritan kaping loro, yaiku tes ing siklus I lan tes ing siklus II.

Teknik Non Tes

Teknik non tes wigati banget amarga ana sawijine dhata siswa sing ora bisa digoleki kanthi nggunakake teknik tes, tuladhane: kebiasaan anggone sinau siswa lan lingkungan sakiwa tengene siswa.

Teknik non tes biasane ditindakake kanthi cara wawanrembug, pengamatan kanthi cara sistematis, nyebarake angket, lan ngamati dokumen-dokumen sing ana (Sudijono : 2009). Ana ing evaluasi asil pasinaon, teknik non tes digunakake kanggo ngukur ing pambiji *ranah afektif* lan *psikomotorik*.

Teknik Observasi

Observasi/pengamatan iki minangka kegiatan kang dipusatake ing kawigaten sawijine objek. Teknik iki ditindakake kanggo ndeleng sakabehe *aktivitas* guru lan siswa sajrone kegiatan pasinaon. Ing panliten iki kegiatan ditindakake dening kolaborator adhedhasar pengamatan marang *aktivitas* guru lan siswa kang ditliti kanthi menehi biji ing lembar observasi kang wis dicepakake sasuwene kegiatan pasinaon maca geguritan lumaku.

Kegiatan ngamati ditindakake kanthi langsung nalika proses pasinaon lumaku. Kegiatan

iki ditindakake kanggo ngamati subjek panliten kanthi tujuan kanggo mangerteni sakabehe masalah/ribet kang diadhepi dening para siswa saksuwene proses pasinaon lumaku. Asil olehe ngamati kasebut dicathet kanthi runtut lan setiti. Adhedhasar asile pengamatan ngenani masalah/ribet kang dirasakake dening para siswa, banjur digawe rancangan kanggo mrantasi sakabehe masalah kang diadhepi para siswa kasebut.

Supaya antuk dhata ngenani proses pasinaon, guru gawe lembar pengamatan kang isine apa wae sing ana sambung rapete tumrap kawasisan para siswa sajrone pasinaon maca geguritan. Pengamatan ditindakake kanggo mangerteni owah-owahan kang dumadi sajrone proses pasinaon maca geguritan kanthi metodhe pemodhelan.

Wawan Rembug

Wawan rembug ditindakake kanthi cara nakoni subjek panliten sing isih rumangsa kangelan nrima lan mraktekake maca geguritan kang becik adhedhasar *ritme*, *intonasi*, *artikulasi*, *ekspresi*/mimik, kang ditindakake ing saknjabane jam pasinaon.

Teknik Dhokumentasi

Dhokumentasi sing digunakake ing panliten iki awujud dhafatar nilai siswa. Teknik iki ditindakake kanthi cara ngumpulake dhata lan nyimpen dhata kang dijupuk saka sumber-sumber sing ana gandheng cenenge karo panliten, kaya foto, cathetan ing lapangan, RPP, Silabus.

Teknik Unjuk Kerja

Teknik unjuk kerja ing panliten iki ditindakake kanggo mangerteni kelemahan lan kaluwihane metodhe kang dicakake ing sajrone pasinaon. Kanthi nindakake tes unjuk kerja, bakal dingerteni owah-owahan kang dumadi ing pasinaon maca geguritan. Mundhak apa ora kawasisan para siswa ing pasinaon maca geguritan sawise nggunakake metodhe pamodhelan.

Cathetan Lapangan

Cathetan lapangan minangka salah sijine sumber informasi kang wigati sing diayahi panliti kanggo nindakake pengamatan jrone panliten. Isine cathetan lapangan yaiku cathetan guru ngenani perkembangan kawasisan para siswa kang dumadi sasuwene pasinaon lumaku. Cathetan lapangan uga nduweni tujuan kanggo nguwatake dhata sing dijupuk saka *observasi* kang ditindakake sarta masukan guru kanggo nindakake *refleksi*.

Sakabehe masalah kang dumadi ing pasinaon ditulis kanthi ancas kanggo ngumpulake dhata panliten. Cathetan lapangan ditindakake

langsung ing saben patemon pasinaon basa jawa kanthi ngamati subjek panliten. Sakabehe masalah dicathet, banjur dimusyawarahake karo *kolaborator* golek cara kanggo mrantasi ruwet rentenging pasinaon maca geguritan.

Metodhe lan Teknik Ngandharake Dhata

Teknik ngandharake dhata ing panliten iki yaiku teknik ngandharake kanthi cara *deskriptif kualitatif* lan teknik ngandharake kanthi cara *deskriptif kuantitatif*. Teknik *deskriptif kualitatif* minangka teknik ngandharake dhata kanggo nggambarake kahanan asile panliten. Teknik *deskriptif kualitatif* digunakake kanggo nganalisis prilaku siswa. Dene teknik *deskriptif kuantitatif* minangka cara ngandharake dhata kang adhedhasar persentase saka dhata sing ana. Dhata kang dianalisis arupa kawasisan siswa nalika maca geguritan ing ngarep klas. Dhata-dhata sing wis ana banjur diolah kanthi langkah-langkah: a) Gawe rekapitulasi skor kawasisan siswa maca geguritan. b) Ngitung skor rata-rata, c) ngitung persentase bijine. Persentase biji digunakake kanggo nganalisis kawasisan siswa sajrone maca geguritan. Rumus kang digunakake kanggo ngitung persentase biji yaiku:

$$\text{Nilai} = \frac{\text{Skor pikolehe}}{\text{Skor maksimal}} \times 100 = \dots\dots\dots$$

Metodhe lan Teknik Nyuguhake Asile Panliten

Panliten tindakan klas iki dirancang ditindakake nganti rong siklus, kang dumadi saka patang tahap, yaiku rencana, tindakan, *observasi*, analisis, lan *refleksi*.

Perencanaan

Ing tahap perencanaan iki guru gawe rencana pasinaon, yaiku materi pasinaon, metodhe sing arep digunakake, media, lan evaluasi pasinaon. Kegiatan pasinaon basa jawa ing panliten iki migunakake metodhe pemodhelan supaya siswa bisa luwih *aktif* lan *kreatif* anggone nggoleki carane maca geguritan kang becik sawise ndeleng modhel/tuladhane maca geguritan. Media sing digunakake yaiku nampilake modhel langsung lan nampilake modhel liwat CD. Evaluasi pasinaon ditindakake saben wayah patemon basa jawa miturut jadwal kang wis ana.

Pelaksanaan

Pelaksanaan panliten katindakake adhedhasar perencanaan sing wis ana/digawe. Ing panliten iki panliti migunakake metodhe pemodhelan kanthi ancas supaya siswa nduweni motivasi kanggo ngundhakake pamawase ing babagan maca geguritan kang becik. Kanthi nampilake modhel, siswa bisa ndeleng

langsung/nuladha modhel kang dideleng. Siswa bisa nggugah semangate, supaya anggone maca geguritan bisa luwih apik, saora-orane bisa padha karo modhel kang dideleng.

Materi kang diwenehake marang siswa yaiku materi teori lan praktik. Ing panliten iki siswa diajak ndeleng penampilan modhel kanthi langsung lan liwat CD. Kanthi ndeleng modhel kang ditampilake dikarepake siswa bisa nduweni kawasisan ing babagan maca geguritan.

Observasi

Observasi ditindakake panliti bebarengan karo kolaborator kanggo mangerteni owah-owahane siswa sajrone nyinau maca geguritan. Saka asile *Observasi* bisa dimangerteni owah-owahane tumuju undhak-undhakan apa malah dadi suwalike. Kanthi mangerteni asile pasinaon, panliti lan kolaborator bisa nindak lanjuti/golek *alternatif* kanggo mrantasi sakabehe masalah kang dumadi ing pasinaon maca geguritan.

Supaya oleh data, *Observasi* ditindakake kanthi ngamati *aktivitas* guru lan siswa ing pasinaon maca geguritan nalika migunakake metodhe pemodhelan. *Observasi* kang diayahi guru diarahake ing *aktivitas* guru nalika nerapake metodhe pemodhelan. Nanging *Observasi* marang siswa difokusake marang *keseriusan*, cara siswa olehe nggatekake, *keaktifan* lan *partisipasi* siswa ing pasinaon maca geguritan.

Refleksi

Saka asile *observasi*, panliti diskusi karo kolaborator golek cara kanggo mrantasi masalah kang ana ing pasinaon maca geguritan. Sarampunge kegiatan pasinaon maca geguritan, asile pasinaon bisa dianalisa.

Asil pasinaon kang bisa dianalisa sarampunge *observasi* yaiku:

- (1) Pengaruh apa kang ana ing pasinaon maca geguritan kang ditindakake kanthi metodhe pemodhelan?
- (2) Kanthi metodhe pemodhelan apa bisa ngundhakake kawasisan maca geguritan?
- (3) Apa ana bab-bab kang dadi pepalang sajrone migunakake metodhe pemodhelan?
- (4) Kepriye tindak lanjut kang bakal ditindakake panliti lan kolaborator kanggo ngupaya mundhake kawasisan siswa sajrone pasinaon maca geguritan?

Bab-bab sing ditindakake sajrone kegiatan *refleksi* ing kene ngupayakake supaya bisa tumuju ing undhak-undhakan kawasisan siswa anggone maca geguritan. Cara kang diupayakake kanggo ngundhakake kawasisan siswa ing pasinaon maca geguritan yaiku:

- (1) Mikirake cara kanggo ngetrapake metodhe pemodhelan supaya bisa narik kawigaten para siswa.
- (2) Mikirake cara kang bakal ditindakake kanggo ngundhakake kawasisan siswa sajrone maca geguritan kang becik lan trep.

Tindakan

Sawise mangerteni asile panliten pasinaon maca geguritan ing prasiklus akeh para siswa kang durung bisa maca geguritan kanthi becik. Siswa isih kangelan anggane maca geguritan kanthi ritme, intonasi, artikulasi, ekspresi, lan penampilan kang becik. Mula saka iku, ing panliten iki panliti migunakake metodhe pemodhelan kanggo ngupaya asile pasinaon bisa ngalami undhak-undhakan ing babagan kawasisan maca geguritan.

Rancangan Panliten

Panliten iki dirancang dadi rong siklus yaiku siklus I lan siklus II. Dene rancangan panliten bakal kaandharake kanthi jlentreh kaya ing ngisor iki.

Siklus I

Panliti bebarengan karo *kolaborator* ngrancang pasinaon maca geguritan kanthi metode pemodelan. Panliti lan *kolaborator* nindakake diskusi mbahas sakabehe pepalang sajrone maca geguritan kanthi pangarep-arep bisa diatasi kanthi metodhe pemodhelan. Sakliyane kuwi panliti lan *kolaborator* uga mbahas panliten pasinaon maca geguritan ing siklus I kang katindakake suwene rong patemon (patang jam pelajaran) kanthi alokasi wektu 4 x 40 menit. Panliten ing siklus I ditindakake saka patang tahap yaiku:

- (1) rancangan
- (2) Pelaksanaan
- (3) observasi
- (4) refleksi.

Rancangan

Ing tahap rancangan iki ditindakake persiapan pasinaon maca geguritan. Rancangan pasinaon kang bakal katindakake yaiku nyusun rancangan pasinaon/Rencana Persiapan Pembelajaran (RPP), nyiapake sumber lan media pasinaon, metodhe kang bakal dianggo ing piwulangan, nyiapake instrument penilaian, lembar *observasi*, alat kanggo ngumpulake data, lan nyiapake lembar evaluasi.

Pelaksanaan

Pasinaon ing siklus I iki katindakake suwene rong patemon, saben patemon nduweni alokasi wektu 40 menit X 2. Amarga Panliten ing siklus I katindakake rong patemon, mula panliten

ing siklus I iki nduweni alokasi wektu 40 menit X 4. Langkah-langkah kegiatan proses pasinaon maca geguritan kang ditindakan ing siklus I kasebut yaiku:

- (1) Guru mbimbing siswa
- (2) Guru menehi *apersepsi*
- (3) Guru ngandharake ancasa pasinaon
- (4) Guru njelasake indikator pasinaon
- (5) Guru njelasake langkah-langkah kang bakal ditindakake para siswa ing pasinaon maca geguritan.
- (6) Guru ngutus para siswa ngamati model kang lagi menehi tuladha maca geguritan.
- (7) Sawise para siswa ngamati modhel kang ditayangake, guru ngutus para siswa nyinau, mangerteni isine geguritan, lan nyoba maca geguritan kaya tuladha kang wis diamati.
- (8) Guru menehi wektu marang siswa sing durung ngerti marang katrangan sing wis diwenehake kanggo ngajokake pitakonan.
- (9) Siswa maju siji-siji maca geguritan ing ngarep klas, guru menehi biji.

Observasi

Observasi ditindakake kanggo mangerteni undhak-undhakane kawasisan para siswa sajrone pasinaon maca geguritan kang ditindakake kanthi metodhe pemodhelan. Saka asile *observasi* bisa dimangerteni sepira owah-owahane asile pasinaon/ana undhak-undhakan apa ora. *Observasi* ditindakake dening panliti bebarengan karo kolaborator.

Observasi ditindakake wayah pasinaon ing njero klas jumbuh karo jadwal pasinaon basa jawa ing SMP Negeri 1 Ngronggot. *Observasi* ing pasinaon maca geguritan antarane yaiku:

- (1) Kawasisan para siswa sajrone pasinaon maca geguritan kanthi metodhe pemodhelan
- (2) *Aktivitas* para siswa sajrone pasinaon maca geguritan kanthi metodhe pemodhelan
- (3) Penampilan para siswa anggane maca geguritan ing ngarep klas

Asil tes ing siklus 1 miturut observasi kang katindakake dening panliti lan kolaborator wis bisa menehi undhak-undhakan kang cukup apik yen ditandhingake karo kegiatan sadurunge (prasiklus). Saka asil tes siklus 1 nuduhake anane undhak-undhakan kawasisan olehe maca geguritan yaiku skor rata-rata kang digayuh para siswa ngasilake 76 %. Biji sing paling dhuwur ing siklus 1 yaiku 90 lan nilai sing paling ngisor yaiku 60. Siswa sing tuntas ing siklus 1 ana 21 siswa lan siswa sing durung tuntas ana 11 siswa. Persentase ketuntasan klas asil pasinaon ing siklus 1 yaiku 66 %.

Refleksi

Refleksi sajrone panliten adhedhasar asil *observasi* lan evaluasi sasuwene kegiatan pasinaon ing klas kang nglibatake para siswa, guru lan kolaborator. Saka refleksi ana pangarep-arep bisa katemokake cara kanggo mrantasi sakabehe masalah kang dumadi ing klas sahingga kawasisan para siswa jrone pasinaon maca geguritan bisa ana undhak-undhakan jumbuh karo sing dikarepake/ancase pasinaon.

Refleksi kang katindakake ing panliten iki yaiku:

- (1) Evaluasi asil pasinaon ing siklus 1
- (2) Metani sakabehe permasalahan kang dadi pepalang ing pasinaon maca geguritan sing kadadean ing siklus 1 lan ngenekake diskusi karo kolaborator kanggo mecahake sakabehe masalah kang dumadi.
- (3) Kanthi premati lan ngati-ati gawe rancangan kanggo nerusake tindakan pasinaon maca geguritan ing siklus II supaya bisa mundhak asile pasinaon.

Siklus II

Langkah-langkah sing ditindakake ing siklus II padha karo langkah-langkah kang ditindakake ing siklus I yaiku rancangan, tindakan, *observasi*, lan refleksi.. Siklus II minangka tindak lanjut sing dirancang kanggo ngundhakake asile pasinaon sing ditindakake pada siklus I. Asil refleksi ing siklus I wis wiwit katon sawise pasinaon maca geguritan kanthi migunakake metodhe pemodhelan bisa ngundhakake kawasisan maca geguritan tumrap siswa klas VII.

Ing pasinaon siklus I isih ana bab-bab kang gawe pepalang para siswa anggone maca geguritan kanthi becik lan pener, mula ing siklus II sakabehe pepalang diupayakake bisa diprantsi sahingga bisa ngundhakake asile pasinaon. Bab-bab kang nyebabake proses pasinaon kurang maksimal sing ditemokake ing siklus I diupayakake supaya bisa diatasi ing pasinaon siklus II.

Asil tes ing siklus II miturut *observasi* kang katindakake dening panliti lan kolaborator wis bisa menehi undhak-undhakan kang cukup apik. Saka asil tes siklus II nuduhake anane undhak-undhakan kawasisan olehe maca geguritan yaiku skor rata-rata ngasilake 80%. Nilai sing paling dhuwur ing siklus II yaiku 90 lan nilai sing paling ngisor yaiku 65. Siswa sing tutas ing siklus II ana 25 siswa lan siswa sing durung tuntas ana 7 siswa, jumlah ketuntasane yaiku 78%. Asile tes para siswa wis ngalami undhak-undhakan, yaiku saka siklus I ing siklus II asile saya apik. Ing siklus I bisa diarani durung tuntas, nanging ing siklus II bisa diarani wis tuntas, marga asile wis oleh sanduwure 75

jumbuh karo KKM kang ditemtokake ing SMP Negeri 1 Ngronggot.

Cara Panulise Asil Panliten

Tata cara panulise asil panliten yaiku ditulis kanthi sistematik skripsi, kaya ing ngisor iki.

Bab I : ngandharake purwaka kang isine ngenani bab landhesane panliten, undere panliten, ancase panliten, paedahe panliten.

Bab II : ngenani titingan kapustakan kang isine ngemot bab panliten saemper, landhesane teori panliten, materi panliten.

Bab III : ngenani metodhe panliten kang isine ngadharake bab ancangan panliten, metodhe lan teknik analisis dhata, cara panulise asile panliten.

Bab IV : andharan asile panliten.

Bab V : ngenani dudutan lan pamrayogi asile panliten.

Panliten iki ditindakake suwene rong siklus. Ing saben siklus ditindakake rong patemon. Panliten ing siklus I sadurunge siswa nindakake tes unjuk kerja luwih dhisik diwenahi tuladha carane maca geguritan kang becik kanthi nampilake modhel langsung lan modhel kang ditampilake liwat CD. Siklus I ing panliten iki ditindakake dina slasa tanggal 4 lan dina slasa tanggal 11 Agustus 2015.

Ing siklus II kegiatan kang ditindakake padha karo kegiatan kang ditindakake ing siklus I. Para siswa sadurunge ngayahi tes unjuk kerja luwih dhisik diwenahi tuladha carane maca geguritan kang becik kanthi nampilake modhel langsung lan modhel kang ditampilake liwat CD. Sak liyane kuwi guru uga nekanake lan tansah ngelingake marang para siswa bab-bab kang kudu digatekake. Bab-bab kang kudu digatekake siswa yaiku ritme, intonasi, artikulasi, lan ekspresi/mimik. Panliten siklus II ditindakake dina slasa tanggal 25 Agustus lan dina slasa tanggal 1 September 2015.

Siklus I

Siklus I ditindakake dina slasa tanggal 4 Agustus lan dina slasa tanggal 11 Agustus 2015 ing klas VII I kang cacah ana 32 siswa. Panliten ditindakake jumbuh karo jadwal pasinaon basa Jawa ing klas VII I yaiku dina slasa. Saben pasinaon katindakake suwene 2 x 40 menit. Asile panliten kaandharake kaya ing ngisor iki:

Rencana

Rencana kegiatan ing siklus I iki bab-bab kang kudu ditindakake dening panliti yaiku

nyiapake sakabehe ubarampe kang gegayutan karo pasinaon maca geguritan. Ubarampe kasebut yaiku nyusun RPP, nyiapake materi pasinaon, nyiapake media pasinaon, nyiapake lembar *observasi aktivitas* guru lan siswa, alat evaluasi lan lembar cathetan sakabehe alangan kang ditemokake ing saben nindakake pasinaon.

Pelaksanaan

Urut-urutane kegiatan pasinaon ing panliten iki yaiku:

- 1) Guru ngatur kahanan klas
- 2) Guru nindakake apersepsi
- 3) Guru njelasake tujuane pasinaon
- 4) Guru njelasake tata carane maca geguritan
- 5) Guru menahi tuladha carane maca geguritan kang becik
- 6) Guru ngetrapake metodhe pemodhelan
- 7) Guru menahi dudutan ngenani materi pasinaon maca geguritan
- 8) Guru lan siswa nindakake refleksi pasinaon

Tes praktik maca geguritan dibiji adhedhasar *Penilaian Acuan Patokan (PAP)* kang lumaku ing SMP Negeri 1 Ngronggot. Bijine siswa kaanggep tuntas yen siswa bisa nggayuh biji paling sethithik 75. Anggone mbiji tes praktik maca geguritan para siswa nggunakake rumus:

$$\text{Nilai} = \frac{\text{Skor pikolehe}}{\text{Skor maksimal}} \times 100 = \dots\dots\dots$$

(Arikunto, 2006:236)

Siklus I siswa kang durung tuntas ana 11, dene kang wis tuntas ana 21, ketuntasan klas yen dietung nganggo rumus yaiku $\frac{21}{32} \times 100 = 66\%$

(siswa kang tuntas 66%). Siswa kang durung tuntas $\frac{11}{32} \times 100 = 34\%$ (siswa kang durung tuntas ana

34%). Kanthi ketuntasan klas kang isih 66%, bisa diarani yen pasinaon ing siklus I durung tuntas. Biji rata-rata klas ing SMP Negeri 1 Ngronggot bisa diarani tuntas yen rata-rata klas kasebut bisa nggayuh paling sethithik 75%. Saka dhata asile tes diweruhi, aspek sing dirasa paling angel ditindakake dening para siswa yaiku aspek artikulasi lan aspek ekspresi.

Tindakan

Sasuwene panliten iki *kolaborator* menahi biji marang panliti lan para siswa adhedhasar *instrumen* kang wis dicepakake. *Instrumen* kasebut arupa lembar *observasi aktivitas* guru lan siswa. *Kolaborator* menahi tandha centhang ing *alternatif* wngsulan kanthi skor kang beda-beda miturut kahanan pasinaon maca geguritan ing klas VII I.

Observasi Aktivitas Guru

Dhata asile *observasi aktivitas* guru kang ditindakake dening *kolaborator* sajrone piwulangan diolah kanthi rumus:

$$P = \frac{f}{N} \times 100\% = \dots\dots\dots$$

Katrangan:

P = persentase *frekwensi* kang tuwuh sajrone piwulangan

f = akehe *aktivitas* guru kang tuwuh sajrone piwulangan

N = sakabehe *aktivitas* guru

Ing panliten siklus I persentase pikoleh asile *observasi aktivitas* guru yaiku: $\frac{25}{40} \times 100\% =$

62.5%. Persentase *aktivitas* guru sajrone panliten ing siklus I mung antuk 62.5%, miturut *konversi* ketuntasan ing SMP Negeri 1 Ngronggot ateges biji durung durung tuntas, rata-rata ketuntasan kang dibutuhake paling sethithik 75%.

Durung tuntase siklus I sajrone pasinaon maca geguritan kasebut disebabake bab-bab ing antarane:

- 1) guru kurang jelas anggone nerangake materi piwulangan
- 2) guru olehe mbimbing para siswa sajrone pasinaon isih kurang maksimal
- 3) guru anggone nganakake tanya jawab mung sasesi/ora menahi kalonggaran marang siswa kanggo nakokake bab-bab kang dirasa isih durung cetha.
- 4) Guru kurang bisa ngendhalekake siswa jroning klas, saengga ana siswa kang tindak tanduke sakepenake dhewe.
- 5) Interaksi guru lan siswa krasa tegang, saengga siswa ora pati ngerti materi kang dijelasake. Pasinaon lumaku ora nyenengake para siswa.
- 6) Guru kurang maksimal anggone sabiyantu marang siswa sajrone nanggapi materi kang wis diandharake ing pasinaon maca geguritan.

Ing siklus I *aktivitas* guru kang nduweni skor maksimal mung siji yaiku ngenani "Swarane guru bisa dirungu dening siswa saklas". Saka andharan ing ndhuwur ana nenem cathetan kang ndadekake pasinaon durung tuntas. Kanggo nindak lanjuti asile *aktivitas* guru ing siklus I kang skor rata-ratane nuduhake sangisore KKM (75%) kang ateges durung tuntas, bisa ditindak lanjuti ing kegiatan pasinaon siklus II.

Asile Observasi Aktivitas Siswa

Observasi aktivitas siswa ditindakake kanthi cara nyenthang *alternatif* wangsulan kang ana ing lembar *observasi*. Centhangan ana ing lembar *observasi* katindakake dening kolaborator (kanca sejawat) kanthi tliti ing wanci piwulangan. Saka

asile observasi bakal bisa dimangerteni owah-owahan kang kadadeyan ing pasinaon maca geguritan. Dhata asile *observasi aktivitas* siswa kang ditindakake dening *kolaborator* sajrone piwulangan diolah kanthi rumus:

$$P = \frac{f}{N} \times 100\% = \dots\dots$$

Katrangan:

- P = persentase *frekwensi* kang tuwuh sajrone piwulangan
- f = akehe *aktivitas* siswa kang tuwuh sajrone piwulangan
- N = sakabehe *aktivitas* siswa

Asil olehe paring biji marang *aktivitas* siswa jroning pasinaon maca geguritan kang ditindakake dening kolaborator ditulis kanthi rinci ing dhata observasi aktivitas siswa kang wis dicepakake.

Persentase *aktivitas* siswa ing siklus I yaiku:

$$\frac{22}{40} \times 100\% = 55\%. \text{ Rata-rata persentase } \textit{aktivitas}$$

siswa antuk biji 55%. Kamangka persentase ketuntasan ing SMP Negeri 1 Ngronggot paling sethithik 75%, mula saka iku persentase *aktivitas* siswa ing siklus I iki bisa diarani durung tuntas. Kanggo nuntasake persentase aktivitas siswa, kegiatan pasinaon katerusake ing proses kegiatan pasinaon siklus II.

Persentase ketuntasan *aktivitas* guru lan siswa ing siklus I durung ana sing tuntas. *Aktivitas* guru sing oleh skor 4 mung sa aspek yaiku swarane guru bisa dirungu dening siswa saklas, nanging ing *aktivitas* siswa malah durung ana sing oleh skor 4. Bab-bab kang dimokake ing siklus I iki bisa didadekake refleksi kanggo nindakake pasinaon sing luwih apik ing siklus sabanjure yaiku ing siklus II.

Cathetan masalah-masalah ing siklus I

Sasuwene proses pasinaon ana masalah-masalah kang dadi pepalang kasile pasinaon. Sakabehe masalah kang dadi reribete pasinaon dicathet dening panliti. Dene masalah-masalah kang dadi pepalang kasile pasinaon ing siklus I kasebut yaiku:

- 1) Guru kurang bisa *mengkondisikan* klas
- 2) Isih akeh siswa sing durung bisa konsentrasi marang pasinaon kang diwenehake dening guru.
- 3) Siswa akeh sing durung mangerteni instruksi saka guru
- 4) Guru isih kurang bisa ngatur wektu pasinaon

Reflesi

Asile proses pasinaon kang wis ditindakake ing siklus I isih durung tuntas. Biji rata-rata klas olehe siswa anggone tes maca

geguritan ing siklus I mung antuk 66%. Data *observasi aktivitas* guru mung antuk biji 62.5%, lan data *observasi aktivitas* siswa mung antuk biji 55%. Biji kang kaya mangkono iku isih adoh saka KKM kang dibutuhake ing SMP Negeri 1 Ngronggot, saengga wigati banget anane upaya kanggo ngundhakake biji-biji kasebut ing siklus sabanjure. Mula saka iku sabubare piwulangan rampung, panliti lan kolaborator nganakake wawanrembug kanggo ngupaya amrih mundhake kawasisan para siswa anggone maca geguritan. Para siswa nggone maca geguritan bisa luwih pener lan luwih trep jumbuh karo isine geguritan sing diwaca.

Pepalang kang tuwuh ing kegiatan panliten siklus I didadekake bahan wawanrembug dening panliti lan kolaborator. Panliti lan kolaborator golek cara kanggo mrantasi sakabehe masalah kang dadi pepalang ing kegiatan siklus I. Saka asile wawanrembug, tuwuh panemu-panemu kang dirasa bisa kanggo mrantasi sakabehe pepalang lan cara-cara kang bisa ngundhakake asile pasinaon sabanjure. Panemu iku minangka rencana kanggo ndandani sawenehe kekurangan kang ana ing siklus I sing antarane yaiku guru kudu luwih jelas menehi anggone menehi *instruksi* marang siswa, guru luwih tegas marang siswa, guru bisa mbagi wektu pasinaon jumbuh RPP kang diasiapake, guru kudu bisa sabiyantu marang siswa sing isih rumangsa kangelan olehe maca geguritan.

Siklus II

Sawise mangerteni asile panliten saka siklus I kang asile isih adoh saka ketuntasan, mula sabanjure dienekake panliten siklus II supaya asile kawasisan siswa sajrone nindakake maca geguritan bisa apik lan pener jumbuh karo ritme (dhuwur endheke suara), intonasi (dawa cendhake suara), artikulasi (pocapan), lan ekspresi (mimik/polatan) manut surasane geguritan kang diwaca. Saengga kawasisan siswa jrone maca geguritan bisa saya apik / bisa nguasai ritme, intonasi, artikulasi lan ekspresi kanthi becik lan luwih pener.

Rencana

Perencanaan kegiatan pasinaon ing siklus II ora beda karo perencanaan kegiatan ing siklus I. Ana ing siklus II iki rencana pasinaon uga kaisi sakabehe kegiatan kang ana gegayutane karo persiapan ubarampe guru kanggo nindakake proses pasinaon maca geguritan. Ubarampe kasebut yaiku Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP), materi pasinaon, media pasinaon, metodhe pasinaon, lembar observasi guru lan siswa, lembar evaluasi siswa, lan cathetan alangan kang ditemokake.

Tindakan

Kegiatan pasinaon kang ditindakake ing siklus II yaiku:

- 1) Guru *mengkondisikan* klas
- 2) Guru nerangake ancasa pasinaon
- 3) Guru ngenekake tanya jawab marang siswa ngenani bab-bab pasinaon kang wis diwulangake.
- 4) Guru nindakake piwulangan kanthi nggunakake metodhe pemodhelan
- 5) Siswa nyoba kawasane olehe maca geguritan
- 6) Guru menahi dudutan asile pasinaon
- 7) Guru lan siswa nindakake refleksi

Asile tes praktik pasinaon maca geguritan dibiji adhedhasar Penilaian Acuan Patokan (PAP). Ing SMP Negeri 1 Ngronggot biji kang dianggep tuntas paling sethithik yaiku 75, biji paling akeh 100. Biji dietung kanthi cara/rumus padha kaya ing siklus I yaiku:

$$\text{Nilai} = \frac{\text{Skor pikolehe}}{\text{Skor maksimal}} \times 100 = \dots\dots\dots$$

(Arikunto, 2006:236)

Aspek-aspek sing dibiji uga padha karo ing pasinaon siklus I yaiku: ritme, intonasi, artikulasi, lan ekspresi.

Ing siklus II iki siswa kang durung tuntas ana 7, dene kang wis tuntas ana 25, yen dietung nganggo rumus yaiku $\frac{25}{32} \times 100 = 78\%$ (jumlah siswa kang tuntas 78%). Siswa kang durung tuntas $\frac{7}{32} \times 100 = 22\%$ (siswa kang durung tuntas ana 22%). Ketuntasan klas wis nuduhake undhak-undhakan, ing siklus II iki ketuntasan klas wis oleh sandhuwure 75% yaiku 78%. Mula saka iku asile tes pasinaon maca geguritan ing siklus II bisa diarani wis tuntas.

Asile Observasi Aktivitas Guru Siklus II

Dhata asile observasi aktivitas guru kang ditindakake dening kolaborator sajrone pasinaon maca geguritan ing siklus II iki bakal diolah kanthi rumus:

$$P = \frac{f}{N} \times 100\% = \dots\dots\dots \quad (\text{Indarti, 2008:26})$$

Katrangan:

f = akehe *aktivitas* guru kang tuwuh sajrone piwulangan

N = sakabehe *aktivitas* guru

Persentase *aktivitas* guru miturut dhata wis ana undhak-undhakane yaiku: $P = \frac{34}{40} \times 100\% = 85$

%, tegese rata-rata persentase aktivitas guru 85. Biji kasebut miturut KKM kang ana ing SMP Negeri 1 Ngronggot ateges tuntas, lan wis apik banget.

Asile Observasi Aktivitas Siswa Siklus II

Persentase frekwensi aktivitas siswa ing siklus II wis ngalami owah-owahan yaiku

$$P = \frac{33}{40} \times 100\% = 82.5\%. \quad \text{Diarani ana undhak-}$$

undhakan amarga ing siklus I mung antuk 55% (durung tuntas), lan ing siklus II wis bisa ngolehake biji 82.5%. Dadi asile observasi aktivitas siswa saka siklus I menyang siklus II ateges wis mundhak 27.5%. Asile *observasi* aktivitas siswa ing pasinaon maca geguritan wis bisa diarani tuntas, amarga bijine wis sandhuwure 75 yaiku sandhuwure KKM ing SMP Negeri 1 Ngronggot.

Aspek kang nuduhake anane owah-owahan/undhak-undhakan, yaiku ing antarane siswa nggatekake materi kang diandharake guru, siswa gampang mangerteni *instruksi* saka guru, siswa nindakake *instruksi* guru, siswa bisa ngetrapake metodhe pemodhelan, siswa ngajokake pitakonan marang guru, motivasi siswa sajrone piwulangan, kreativitas siswa sajrone pasinaon maca geguritan, siswa nduweni krenteg bisa maca geguritan kang becik, siswa nindakake refleksi sajrone pasinaon.

Refleksi

Proses pasinaon ing siklus II ngalami undhak-undhakan kang cukup apik. Undhak-undhakane piwulangan bisa kadeleng saka asile tes maca geguritan lan asile dhata observasi aktivitas guru lan siswa. Asile tes maca geguritan para siswa ing siklus I yaiku 66%. Ing siklus II wis ana undhak-undhakan, jumlah ketuntasan klas yaiku 78%. Asile tes maca geguritan saka siklus I menyang siklus II mundhak 12%. Dhata asile observasi aktivitas guru ing siklus I mung antuk 62.5%, nanging ing siklus II asile observasi aktivitas guru wis antuk 85%. Dhata observasi aktivitas guru saka siklus I ing siklus II mundhak 23.5%. Dene asile observasi aktivitas siswa sing maune mung 55%, ing siklus II uga wis ngalami owah-owahan yaiku wis bisa mundhak 27.5% dadi 82.5%.

Ing siklus II asile tes maca geguritan wis ana undhak-undhakan. Siklus I jumlah tuntas mung 66% nanging sawise kegiatan proses pasinaon maca geguritan diambali ing siklus II, jumlah siswa kang tuntas mundhak 12% dadi 78%. Semono uga aktivitas guru lan siswa uga ngalami owah-owahan. Nalika ing siklus I durung bisa tuntas, nanging sawise diambali ing siklus II asile bisa luwih apik lan bisa nggayuh sandhuwure KKM ing SMP 1 Ngronggot / bisa diarani wis tuntas.

PANUTUP

Dududan

Panliten pasinaon maca geguritan ing SMP Negeri 1 Ngronggot, ditindakake dening panliti

kanthi rong siklus. Saben siklus dumadi saka patang tahap, yaiku rencana, tindakan, *observasi*, analisis, lan *refleksi*. Lan ing saben siklus katindakake rong patemon. Adhedhasar *observasi* lan analisis dhata tumrap undhak-undhakan/owah-owahan kawasisan siswa jrone maca geguritan siswa klas VII SMP Negeri 1 Ngronggot, sawise migunakake metodhe pedomhelan bisa didudut kaya mangkene:

- 1) Siswa bisa maca geguritan kanthi ritme kang becik
- 2) Siswa bisa maca geguritan kanthi intonasi kang becik
- 3) Siswa bisa maca geguritan kanthi artikulasi kang pener
- 4) Siswa bisa maca geguritan kanthi ekspresi, jumbuh karo isine geguritan kang diwaca.

Panliten katindakake ing klas VII I SMP Negeri 1 Ngronggot, kang siswane ana 32, siswa lanang ana 16 lan sing wadon ana 16 uga. Saka dhata panliten ing klas VII I kang bisa dimangerteni yaiku siklus I siswa sing bisa tuntas ana 21 lan sing durung tuntas ana 11. Ing siklus II saka siswa 32 sing tuntas ana 25 lan sing durung tuntas ana 7 siswa. Dideleng saka dhata kasebut bisa diarani yen pasinaon maca geguritan ing klas VII I wis ana undhak-undhakan lan bisa tuntas kanthi biji/skor rata-rata siswa 80%, lan skor ketuntasan klas antuk 78%.

Pamrayogi

Panliten kanthi metodhe pedomhelan wis bisa nuduhake undhak-undhakane kawasisan para siswa sajrone maca geguritan, mula prayogane metodhe pedomhelan ora mung dianggo ing piwulangan basa Jawa wae, nanging bisa uga ditrapake ing piwulangan bidang studi liyane.

Supaya pasinaon bisa kasil kanthi apik mligine ing pasinaon basa Jawa, prayogane guru luwih aktif lan kreatif sajrone menehi piwulang marang siswa. Guru kudu bisa nukulake semangat lan aktivitas para siswa sajroning piwulangan. Kanggo ngundhakake kawasisan lan kreativitas siswa, ing pasinaon metodhe pedomhelan bisa katambah strategi-strategi liya kang bisa nyengkuyung anane proses kegiatan pasinaon kanthi becik.

DAFTAR PUSTAKA

- Aftarudin, Pesu. 1999. *"Pengantar Apresiasi Puisi"*. Bandung: Angkasa
- Aminudin. 2004. *"Pengantar Apresiasi Karya Sastra"*. Bandung: Sinar Baru Algensindo
- Arikunto, Suharsimi, dkk. 2009. *"Penelitian Tindakan Kelas"*. Bumi Aksara Jakarta
- Hamalik, Oemar. 2008. *"Proses Belajar Mengajar"*. Bumi Aksara Jakarta

- Mulyasa E, 2007. *"Menjadi Guru Profesional"*. PT Remaja Rosdakarya Bandung
- Sukendro T, Sukarman. 2009. *"Widya Basa Jawa 1"*. Gelora Aksara Pratama.
- Tarigan Henry Guntur, 1981. *"Berbicara sebagai suatu ketrampilan berbahasa"*. Angkasa Bandung
- Tarigan, Henry Guntur. 1979. *Membaca Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa
- [Http://jv.wiki.pedia.org/wiki/geguritan](http://jv.wiki.pedia.org/wiki/geguritan)
- [Https://masedlolur.wordpress.com](https://masedlolur.wordpress.com)